



**UJIAN MADRASAH
MADRASAH IBTIDAIYAH PSM BENDO BARAT
TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: Madrasah Ibtidaiyah
Hari/Tanggal	: Senin, 11 Mei 2026
Waktu	: 120 Menit

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'alah kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal
2. Isikan Identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban Ujian Madrasah dengan menggunakan pensil 2B.
3. Kerjakan terlebih dahulu soal-soal yang Anda anggap mudah.
4. Isikan jawaban soal ke dalam LJUM sesuai petunjuk LJUM
5. Tersedia waktu 120 menit untuk mengerjakan soal.
6. Jumlah soal sebanyak 20 butir soal Pilihan Ganda, 10 butir soal Pilihan Ganda Kompleks, dan 5 butir soal Pilihan Benar atau Salah.
7. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
8. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap.
9. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

PETUNJUK KHUSUS

I. Berilah tanda silang (X) pada huruf A, B, C atau D pada jawaban yang benar pada lembar jawab yang tersedia!

1. Teks kang ngandharake kedadeyan nyata, aktual, lan faktual kang lagi wae dumadi diarani....
 - A. Teks pawarta
 - B. Teks persuasi
 - C. Teks slogan
 - D. Teks pariwara
2. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!

Ayo kanca-kanca, padha sregep anggone njaga karesikan lingkungan sekolah! Lingkungan kang resik bakal nggawe kita kabeh sehat lan adoh saka sarang lelara. Mula saka iku, buwanglah sampah ing panggonane.

Teks ing dhuwur kalebu jinis teks informasi....

 - A. Pariwara
 - B. Pawarta

- C. Persuasi
 - D. Sesorah
3. Gatekna gambar ing ngisor iki!



Gambar kasebut kalebu tuladha teks....

- A. Pawarta
 - B. Slogan
 - C. Pariwara
 - D. Dongeng
4. Tembang macapat Pangkur iku miturut maknane nduweni watak....
- A. Sedhik lan nelangsa
 - B. Seneng lan asih
 - C. Sereng lan teges
 - D. Sembrana parikena

Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati kanggo soal nomer 5-6!

Pangkur

Mingkar mingkuring angkara,
Akarana karanan mardhi siwi,
Sinawung resmining kidung,
Sinuba sinukarta,
Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung,
Kang tumrap neng tanah Jawa,
Agama ageming aji.

5. Tembang Pangkur ing dhuwur dumadi saka ... gatra.
- A. 5
 - B. 6
 - C. 7
 - D. 8
6. Tembung 'angkara' ing gatra sepisan tembang ing dhuwur tegese....
- A. Kabecikan
 - B. Tumindak ala utawa hawa nafsu
 - C. Kasedhihan
 - D. Kasregepan

7. Unen-unen kang gumathok lan ajeg panganggone sarta nduweni teges wantah diarani....
- Paribasan
 - Bebasan
 - Saloka
 - Cangkriman
8. Unen-unen 'Becik ketitik ala ketara' tegese....
- Sembarang tumindak becik utawa ala wusanane bakal konangan
 - Sembarang tumindak becik utawa ala wusanane ora bakal konangan
 - Sembarang tumindak becik wusanane ora bakal konangan
 - Sembarang tumindak ala wusanane ora bakal konangan
9. Ing ngisor iki kang kalebu tuladha saloka yaiku....
- Becik ketitik ala ketara
 - Nabok nyilih tangan
 - Gajah ngidak rapah
 - Mikul dhuwur mendhem jero
10. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!
- Prof. Dr. Ing. H. Bacharuddin Jusuf Habibie mujudake salah siji tokoh kang diakoni donya. Panjenengane iku presiden katelu Republik Indonesia. Kejaba iku, Habibie misuwur minangka tokoh kang nemokake teori ngenani konstruksi pesawat terbang.
- Sapa tokoh kang diandharake ing teks kasebut lan apa asil panemune?
- Ir. Soekarno penemu mobil
 - B.J. Habibie penemu pesawat terbang
 - Thomas Alva Edison penemu lampu
 - Albert Einstein penemu radio
11. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!
- Thomas Alva Edison iku ilmuwan kang misuwur minangka penemu bola lampu pijar. Nalika nindakake panaliten, dheweke wis ngalami kegagalan nganti ewonan ambalan. Nanging dheweke ora tau nggressula utawa nyerah, tansah dicoba lan dicoba maneh nganti kasil.
- Manut teks ing dhuwur, kepriye watake Thomas Alva Edison nalika nindakake panaliten?
- Gampang nyerah yen gagal
 - Kesed lan gampang duka
 - Sabar lan pantang nyerah
 - Seneng foya-foya lan gumedhe
12. Budi seneng banget maca biografi tokoh penemu. Sawise maca critane para tokoh kang pinter lan ulet, Budi dadi sregep sinau lan tansah nyoba gawe dolanan kreatif saka barang-barang bekas ing omahe.
- Nilai keteladanan apa kang bisa dijupuk saka tokoh penemu kang ditindakake dening Budi?
- Seneng njaluk barang anyar marang wong tuwane

- B. Sregep sinau lan kreatif manfaatake barang ing sakiwa tengene
C. Mung maca buku tanpa gelem tumindak nyata
D. Seneng dolanan wae nganti lali wektu sinau
13. Unen-unen kang kudu dibedhek utawa dibatang (dijawab) diarani....
A. Paribasan
B. Saloka
C. Cangkriman
D. Wangsalan
14. 'Pitik walik saba kebon', batangane cangkriman kasebut yaiku....
A. Nanas
B. Salak
C. Suleng
D. Sapu lidi
15. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!
Bapak pocung renteng-renteng kaya kalung,
Dawa kaya ula,
Pencokanmu wesi miring,
Sing disaba si pocung mung turut kutha.
Batangane cangkriman wujud tembang ing dhuwur yaiku....
A. Sepur
B. Ula
C. Kalung
D. Kelabang
16. Ing era globalisasi iki kabeh informasi saka saindenging donya bisa gampang diakses lan disinaoni. Bab kasebut kalebu pengaruh ... saka globalisasi.
A. Negatif
B. Positif
C. Ala
D. Mundur
17. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!
Sajrone jaman saiki akeh bocah kang luwih seneng dolanan game online ing HP utawa komputer tinimbang dolanan tradisional kaya ta gobak sodor utawa jamuran. Malah ana uga sing luwih seneng nggunakake basa manca ing padinan.
Teks ing dhuwur nuduhake anane pengaruh globalisasi ing babagan....
A. Ekonomi lan politik
B. Teknologi lan transportasi
C. Budaya lan sosial
D. Kesehatan lan keamanan

18. Omongan/ucapan kang ditata kanthi apik lan disampekake marang wong liya diarani....
- Maca geguritan
 - Sesorah utawa pidhato
 - Nembang macapat
 - Ndongeng utawa crita
19. Urut-urutane cengkorongan bagean sesorah kang bener yaiku....
- Salam pambuka - isi - panutup – purwaka
 - Salam pambuka - purwaka basa - surasa basa - wasana basa - salam panutup
 - Surasa basa - wasana basa - purwaka basa – salam
 - Salam pambuka - panutup - isi - pambuka
20. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!
- Langkung rumiyin mangga kita sami ngaturaken puji syukur dhumateng Gusti Allah SWT, ingkang sampun paring rahmat lan hidayah saengga kita saged makempal ing papan menika kanthi sehat wal afiat.
- Teks ing dhuwur kalebu perangan sesorah bagean....
- Salam pambuka
 - Purwaka basa (pambuka)
 - Surasa basa (isi)
 - Wasana basa (panutup)

II. Pilihlah lebih dari satu jawaban yang benar dengan memberikan tanda centang (✓)!

21. Ing ngisor iki kang kalebu jinis teks informasi yaiku....
- Teks pawarta
 - Teks dongeng fabel
 - Teks persuasi lan pariwisata
22. Kang kalebu titikane utawa paugerane tembang Pangkur yaiku....
- Guru gatrane ana 7 larik saben sapada
 - Guru wilangan lan guru lagu gatra pungkasan yaiku 8i
 - Nduweni watak sedhik lan tansah nelangsa
23. Tembung-tembung kang asring dadi sasmita tembang Pangkur ing sawijining pada utawa ukara yaiku....
- Pangkur
 - Mungkur
 - Asmara lan kasmaran
24. Ukara ing ngisor iki kang kalebu tuladha unen-unen paribasan yaiku....
- Kutuk marani sunduk
 - Becik ketitik ala ketara
 - Njajah desa milang kori

25. Perangan kang diucapake ing pungkasan sesorah utawa wasana basa biyasane ngemot....
 - A. Atur pangapura menawa ana kaluputan anggone matur
 - B. Atur pamuji syukur dhumateng Gusti kang Maha Kuwasa
 - C. Atur panuwun dhumateng para rawuh
26. Pasangan tokoh lan asil panemune kang bener ing ngisor iki yaiku....
 - A. Thomas Alva Edison nemokake lampu pijar
 - B. Alexander Graham Bell nemokake telepon
 - C. B.J. Habibie nemokake mesin cetak huruf
27. Ing ngisor iki kang kalebu cangkriman wacahan utawa cekakan yaiku....
 - A. Pakbomba lan paklawu
 - B. Burnas kopen lan suru pugel
 - C. Pitik walik saba kebon
28. Dampak negatif saka anane globalisasi tumrap para siswa yen ora diati-ati yaiku....
 - A. Lali marang wektu sinau amarga kakehan dolanan gadget utawa game online
 - B. Mundhak gampang lan cepet anggone golek informasi kanggo nggarap tugas
 - C. Kurang srawung lan lali marang subasita ing lingkungan masyarakat sekitar
29. Metode kang biasane digunakake dening wong nalika nindakake sesorah yaiku....
 - A. Metode maca teks utawa naskah
 - B. Metode apalan utawa memoriter
 - C. Metode nembang macapat mijil
30. Nalika nindakake sesorah, patrap utawa sikep (wiraga) kang becik yaiku....
 - A. Ngadeg kanthi jejeg lan mantep
 - B. Mripat tumuju marang para pamirsa utawa tamu
 - C. Tangan didakokake ing jero saku ngarep

III. Berilah tanda silang (X) atau centang (✓) pada pilihan Benar atau Salah sesuai dengan pernyataan!

31. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!

Dina Minggu, 12 Agustus 2023, para warga Desa Karanganyar nindakake gugur gunung ngresiki kalen lan dalan desa supaya ora dadi sarang nyamuk. Kegiatan iki dirawuhi langsung dening Kepala Desa Karanganyar.

Pilih Benar utawa Salah pranyatan ing ngisor iki babagan teks ing dhuwur!

Pranyatan	Bener	Salah
Teks kasebut kalebu jinis teks pawarta amarga ngandharake kedadeyan nyata.		
Teks kasebut wujud pariwisata kanggo adol sabun utawa alat resesik.		
Gugur gunung ing desa kasebut ditindakake nalika dina Minggu tanggal 12 Agustus 2023.		

32. Gatekna tabel ing ngisor iki!

Jeneng Tembang	Guru Gatra
Pucung	4
Pangkur	7
Kinanthi	6

Pilihèn Bener utawa Salah pranyatan ing ngisor iki adhedhasar pangertenmu babagan tembang Pangkur!

Pranyatan	Bener	Salah
Tembang Pangkur nduweni guru gatra gunggungé 7 saben sapada.		
Guru lagu lan guru wilangan gatra kapisan tembang Pangkur yaiku 8a.		
Tembang Pangkur iku kalebu golongané tembang gedhé dudu macapat.		

33. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!

Raden Ajeng Kartini miyos tanggal 21 April 1879 ing kutha Jepara. Panjenengane minangka salah sawijining pahlawan nasional kang merjuangake emansipasi wanita, supaya wanita Indonesia bisa entuk pendhidhikan kang pantes lan padha karo priya.

Pilihèn Bener utawa Salah pranyatan ing ngisor iki babagan teks kasebut!

Pranyatan	Bener	Salah
R.A. Kartini kalebu pahlawan kang gigih merjuangake emansipasi utawa hak wanita.		
Miturut wacan ing dhuwur, R.A. Kartini iku penemu lampu listrik pisanan ing Indonesia.		
R.A. Kartini miyos ing kutha Jepara ing sasi April.		

34. Pilihèn Bener utawa Salah pranyatan ing ngisor iki ngenani cangkriman!

Pranyatan	Bener	Salah
Cangkriman 'Bapak pocung dudu watu dudu gunung, sangkamu ing sabrang, ngon-ingone sang bupati, yen lumaku si pocung lembahan grana' iku batangane gajah.		
Cangkriman wujud tembang mung entuk ditulis nganggo tembang Pocung wae, liyane ora entuk.		
Cangkriman 'Dikethok malah dadi dhuwur' iku batangane celana dawung utawa kathok dawa.		

35. Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!

Globalisasi lan internet iku bab sing ora bisa diselaki. Kita minangka siswa kudu bisa dadi pangguna sing cerdas. Internet kudu didadekake sarana kanggo nambah ilmu lan wawasan, dudu dadi penghalang kanggo nggayuh cita-cita. Kuncine yaiku disiplin dhiri lan bisa mbedakake endi sing migunani lan endi sing mung mbuwang wektu.

Pilihèn Bener utawa Salah pranyatan ing ngisor iki babagan globalisasi!

Pranyatan	Bener	Salah
Internet mung menehi dampak negatif lan ngrusak tumrap para siswa MI saengga ora prelu digunakake.		
Kanthi mundhake panggunaan internet, siswa bisa dadi luwih gampang anggane ngakses maneka warna materi piwulangan.		
Mundhake panggunaan internet mujudake salah siji tandha anane pengaruh globalisasi ing lingkungan sekolah.		